

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Pangajaran anu idéal pikeun dilarapkeun jaman kiwari téh nyaéta pangajaran anu geus dipatalikeun kana pangajaran abad 21. Dina pangajaran abad ka-21, siswa dipiharep bisa miboga kamampuh mikir tingkat luhur, nyaéta saperti mikir kréatif, inovatif, kritis, toléran sarta mibanda kamampuh pikeun matotoskeun pasualan (*problem solving*). Salasahiji tarékah dina ngaronjatkeun udagan pangajaran abad 21 téh ku ayana bahan ajar hususna buku anu museur kana *HOTS (Higher Order Thinking Skills)*. Ku sabab kitu, bahan ajar anu hadé téh kudu dianalisis 1) lével kognitifna; 2) unsur stimulusna; jeung 3) unsur kontéktualna. Buku *Simpay Basa Sunda* dipilih jadi bahan panalungtikan sabab ieu buku téh réa dipaké pikeun jadi bahan ajar di sakola.

Hasil analisis ragam lével kognitif dina buku *Simpay Basa Sunda* kelas VIII téh kapaluruh yén jumlah kontén *Lower Order Thinking Skills (LOTS)* téh leuwih dominan tibatan kontén *Higher Order Thinking Skills (HOTS)*. Total kontén anu dianalisis téh aya 413 anu ngawengku udagan pangajaran, pituduh jeung soal. Tina 413 data, 299 (72,39%) dina lével 1, 40 (9,68%) dina lével 2, sarta 74 (17,91%) dina lével 3. Hartina, kontén anu aya dina lével 3 téh masih kénéh saeutik tibatan kontén anu aya dina lével 1 jeung 2. Lolobana kontén dina ieu buku téh aya dina tahapan pikeun ngukur kamampuh siswa kana hal anu sipatna konséptual.

Dina analisis stimulus, ieu buku loba ngagunakeun stimulus vérbal dina wangun kalimah, nyaéta kapaluruh aya 402 tina 413 anu ngagunakeun stimulus vérbal wangun kalimah, sésana aya 10 dina stimulus vérbal wangun artikel, sarta 1 dina stimulus visual wangun gambar.

Hasil analisis unsur kontéktual anu aya dina ieu buku katitén aya 114 (28%) anu ngagunakeun unsur kontéktual, sarta 299 (72%) anu mangrupa kontén biasa. Ayana unsur kontéktual téh penting pisan sangkan siswa bisa ngalarapkeun pangajaran kana matotoskeun pasualan anu aya dina kahirupan sapopoé. Tina jumlah data hasil panalungtikan anu dipidangkeun dina ieu panalungtikan, henteu bisa jadi patokan kana kualitas hadé atawa henteuna hiji

buku, sabab dina émprona mah pangajaran abad 21 téh loba aspék anu bisa ngalibetkeun prosés ngaronjatna kamampuh mikir tingkat luhur siswa. Sanajan kitu, buku anu dijadikeun référénsi dina prosés diajar téh angger kudu niténan ieu jaman, sanajan pangajaran basa Sunda henteu museur kana ngudag kamampuh mikir tingkat luhur, tapi nalika aya alat anu bisa ngarojong kana éta hal, hartina bisa ngarojong kana lumangsungna prosés pangajaran abad 21.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis *HOTS* dina buku téks basa Sunda téh miboga implikasi pikeun jadi salasihiji patokan dina milih buku téks anu bisa dipaké dina lumangsungna pangajaran. Sanajan ambahan pangajaran basa Sunda di sakola téh leuwih nyoko kana ngaronjatkeun kamampuh basa jeung sastra Sunda, tapi ku réana kontén *HOTS* dina éta buku bisa jadi salasihiji kaonjoyan pikeun ngarojong kana pangajaran abad 21.

Ku ayana buku anu miboga kontén *HOTS* téh tangtu bakal ngaronjatkeun kualitas siswa sanggeus diajar basa Sunda. Harepanana siswa bisa mikir sacara kolaboratif, komunikatif, kritis, jeung kréatif kana kaayaan sabudeureunana. Antukna siswa téh bisa miboga pamikiran anu maju saluyu jeung jaman tapi henteu mopohokeun kana kabudayaan Sunda.

## 5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakasanakeunanana ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan ka hareupna bisa leuwih hadé jeung jero dina nganalisis kontén *HOTS* dina buku, rékoméndasina nyaéta:

- 1) pusat Kurikulum Daérah bisa ngaluarkeun kawijakan husus sangkan panulis buku téks basa Sunda téh bisa leuwih museur kana kontén anu bisa ngaronjatkeun kamampuh mikir tingkat luhur siswa, boh di tingkat sakola dasar boh di tingkat sakola menengah (SMP atawa SMA);
- 2) panulis buku téks basa Sunda bisa nyieun kontén *HOTS* ngagunakeun stimulus anu leuwih variatif jeung leuwih ngirut.